2027



Yon enskripsyon ki fasil

Byenveni nan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Florida

Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Seminole

Pi bon swen ak yon kouvèti asirans ki pi bon, paske ou merite viv tankou yon VIP.

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

H6378_002_129418_C_HCR

AmeriHealth Caritas VIP Care

MED-MLT_266297800
129418 (7/26)

2027



Pi byen pwofite benefis Medicare ak Medicaid ou yo

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Swen ou ka fè konfyans pou manm ki kalifye pou de pwogram yo

Nou ofri yon bon kouvèti asirans pou swen medikal ak medikaman sou preskripsyon pou moun ki genyen ni Medicare ni Medicaid e ki rete nan youn nan konte sa yo nan Eta Florida: Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Seminole.

Nou disponib pou reponn kesyon w yo e pou ba w enfòmasyon ou bezwen yo. Pou jwenn èd pou enskri oswa pou pran yon randevou an pèsòn, tanpri rele nan: **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

H6378_002_129601_C_HCR

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

Chwazi yon plan Medicare ki adapte ak bezwen w yo se yon desizyon ki enpòtan. N ap ba w kèk enfòmasyon ki enpòtan ou bezwen konnen.

Ki sa kalifye pou de pwogram vle di?

Ou gen ni Medicare ni Medicaid. Sa ka fè w depanse mwens kòb epi jwenn plis benefis.

Kisa yon plan pou moun ki gen bezwen espesyal e ki kalifye pou de pwogram ye (dual eligible special needs plan, D-SNP)?

- Plan sante sa yo la pou moun ki kalifye ni pou Medicare ni pou Medicaid.
- Ou jwenn swen sante w yo ak sipò w la nan yon sèl plan.
- Ou jwenn plis benefis ki pa disponib nan Original Medicare, tankou swen dantè, swen vizyon ak swen odisyon, epi ou toujou gen tout benefis Medicaid ou deja jwenn kounye a.

Jwenn swen, benefis ak sipò ou bezwen an nan yon sèl plan sante.



Nou gen espesyalis sèvis kliyan ki disponib pou reponn kesyon ou ka genyen yo sou kouvèti asirans lan, pa egzanp si w bezwen konnen ki kote ou ka jwenn yon pwofesyonèl sante oswa yon famasi ki nan rezo a. Epitou, yo kapab voye enfòmasyon sa yo ba w sou fòma papye. Rele kounye a pou verifye si w kalifye. Sa gratis!

1-800-898-3018 (TTY 711)

Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Paj ki vin annapre yo pral gide w epi yo pral fè w konnen sa ou bezwen pou pran yon bon desizyon sou kouvèti asirans Medicare w la.



Esplike benefis ki disponib yo ak AmeriHealth Caritas VIP Care:

- Rezim benefis
- Benefis siplemantè

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Rezo famasi a ak rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a kapab chanje nenpòt lè. W ap resevwa yon avi sou sa lè sa nesesè. AmeriHealth Caritas VIP Care respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo si w bezwen dokiman sa a nan yon lòt fòma, tankou gwo karaktè, ekriti bray oswa fòma odyo.

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.

Nou genyen espesyalis enskripsyon ki la pou reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

Rele kounye a pou verifye si w kalifye. Sa gratis!

1-800-898-3018 (TTY 711)

Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 31 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

129601 (7/26)

Rezime benefis pou 2027

Plan Medicare Advantage avèk kouvèti asirans pou medikaman sou preskripsyon Pati D yo

Gade sa ki anndan pou jwenn plis enfòmasyon sou plan sa yo:

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

1ye janvye 2027 – 31 desanm 2027

H6378_001_002_128438_M_Accepted_09142026_HCR

1 SEKSYON I - ENTWODIKSYON NAN REZIME BENEFIS YO

Ti liv sa a ba w yon rezime sou sa nou kouvri ak sa ou gen pou peye. Li pa mansyone tout sèvis nou kouvri yo ni li pa site tout limitasyon oswa esklizyon ki aplike yo. Pou jwenn yon lis ki mansyone tout sèvis nou peye pou yo, ban nou yon koutfil pou mande dokiman ki rele *Prèv kouvèti asirans* lan (Evidence of Coverage, EOC) oswa ale sou sit www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Ou kapab chwazi fason ou jwenn benefis Medicare w yo

- Yon metòd ou ka chwazi se jwenn benefis Medicare w yo atravè Original Medicare (sa yo konn rele "fee-for-service Medicare"). Se gouvènman federal la ki jere Original Medicare dirèkteman.
- Yon lòt metòd ou ka chwazi pou jwenn benefis Medicare w yo se lè ou enskri nan yon plan sante Medicare (tankou **AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)**).

Kèk konsèy pou konpare diferan plan Medicare ou ka chwazi yo

Rezim benefis sa a ba w yon apèsi sou sa **AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)** kouvri ak sa ou gen pou peye.

- Si w ta renmen konpare plan nou yo avèk lòt plan sante Medicare, mande lòt plan yo voye rezim benefis yo a ba w. Osinon, itilize zouti pou jwenn plan Medicare a sou www.medicare.gov.
- Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sèvis Original Medicare kouvri yo ak sa yo koute, gade dènye vèsyon ti liv ki rele "**Medicare & You**" a. Ou ka konsilte l sou sitwèb www.medicare.gov oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 ou 24, sèt jou sou sèt, pou mande yon kopi. Moun ki itilize sèvis TTY yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.

Seksyon ki nan ti liv sa a

- Kèk bagay ou bezwen konnen sou **AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)**.
- Peye ou peye chak mwa a, franchiz la ak limit sou kantite kòb ou ka peye pou sèvis ki kouvri yo.
- Benefis medikal ak benefis lopital ki kouvri yo.
- Benefis pou medikaman sou preskripsyon yo.

Dokiman sa a disponib ann anglè ak nan lòt lang. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nou nan 1-833-535-3767 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) nan konte Miami-Dade County. Rele nan 1-833-467-3502 (moun ki itilize sèvis TTY yo ka rele nan 711) nan konte Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola ak Seminole.

Kèk bagay ou bezwen konnen sou AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Orè ak kowòdone

- Si w rete nan konte Miami-Dade, rele nan 1-833-535-3767 (TTY: 711). Si w rete nan konte Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach oswa Seminole, rele nan 1-833-467-3502 (TTY: 711). Nou disponib ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.
- **Ou pa yon manm?** Pou Miami-Dade, rele nou nan 1-800-858-1487, TTY: 711. Pou Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole, rele nou nan 1-800-898-3018, TTY: 711. Nou disponib soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè nan lè Lès Estanda, 7 jou sou 7 (ant dat 1ye oktòb ak 31 mas), oswa soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè nan lè Lès Estanda, lendi pou vandredi (ant dat 1ye avril ak 30 septanm).
- Sitwèb nou an: www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

Kiyès ki ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)?

Pou enskri nan **AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)**, se pou w kalifye pou jwenn Pati A Medicare, se pou w enskri nan Pati B Medicare epi se pou w enskri nan pwogram asistans medikal Florida a (Medicaid). Se pou w kalifye pou asistans medikal la nan youn nan kategori èd sa yo:

- Benefisyè Medicare ki kalifye (Qualified Medicare Beneficiary, **QMB).**
- Benefisyè Medicare ki kalifye plis (Qualified Medicare Beneficiary Plus, **QMB+).**
- Benefisyè Medicare ki pa touche anpil revni ki espesifye plis (Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus, **SLMB+).**
- Kalifye pou de pwogram benefis konplè (Full Benefit Dual Eligible, **FBDE).**

Se pou w rete nan zòn sèvis nou an. **Zòn sèvis nou an genyen konte sa yo ladan l nan Eta Florida: Miami-Dade, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole.**

Si w anvizaje enskri men ou gen kesyon sou kalifikasyon w yo, rele nan **1-800-858-1487 (TTY 711) nan konte Miami Dade. Rele nan 1-800-898-3018 nan konte Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach oswa Seminole.**

Ki doktè, lopital ak famasi mwen ka itilize?

- AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) genyen yon rezo doktè, lopital, famasi ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante. Ou sipoze resevwa swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. N ap peye pou sèvis ki kouvri yo sèlman si w jwenn yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki fè pati rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou sa. Pwofesyonèl ak etablisman sante yo ki pa nan rezo a oswa ki pa gen kontra avèk nou pa gen obligasyon pou yo trete manm AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) yo, sof nan sitiyasyon ijans. Tanpri rele nan nimewo ekip sèvis pou manm yo oswa konsilte dokiman *Prèv kouvèti asirans* ou an (Evidence of Coverage) pou jwenn plis enfòmasyon, pa egzanp sou depans pataje ki aplike pou sèvis ou jwenn deyò rezo a.
- An jeneral, se pou w al chèche medikaman sou preskripsyon Pati D plan an peye pou yo nan yon famasi ki fè pati rezo a.
- Ou kapab konsilte lis pwofesyonèl ak etablisman sante plan an ak lis famasi plan an sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.

- Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi lis pwofesyonèl ak etablisman sante a ak yon kopi lis famasi a ba w.

Sa nou kouvri

- Menm jan ak tout lòt plan sante Medicare yo, nou kouvri tout sa Original Medicare kouvri, epi nou kouri lòt bagay ankò.
    - Manm plan yo jwenn tout benefis Original Medicare kouvri yo.
    - Mete sou sa, manm plan yo jwenn plis pase sa Original Medicare kouvri yo. Ti liv sa a mansyone kèk nan benefis siplemantè sa yo.
- Nou kouvri medikaman Pati D yo. Epitou, nou kouvri medikaman Pati B tankou medikaman chimyoterapi ak kèk medikaman pwofesyonèl sante w ka ba w.
    - Ou kapab wè tout fòmilè plan an (lis medikaman sou preskripsyon Pati D a) ak restriksyon ki aplike yo sou sitwèb nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.
    - Epitou, ou kapab rele nou pou n voye yon kopi fòmilè a ba w.

Kijan m ap fè konnen konbyen kòb medikaman m yo ap koute m?

- Plan nou an mete tout medikaman yo nan senk nivo. Sa medikaman w yo ap koute w pral depann de kantite “èd siplemantè” (Extra Help) ou resevwa a epi li pral depann de nivo medikaman sa yo tou.

Si w gen kesyon sou benefis oswa sou pri yo nan plan sa a, tanpri kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP).

-

2 SEKSYON II - REZIME BENEFIS YO

	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	**AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole**
PEYE OU PEYE CHAK MWA A, FRANCHIZ LA AK LIMIT SOU KANTITE KÒB OU KA PEYE POU SÈVIS KI KOUVRI YO		
Prim ou peye chak mwa a	Ou pa peye yon prim mansyèl ki separe pou plan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP). Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo.	Ou pa peye yon prim mansyèl ki separe pou plan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP). Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo.
Franchiz	Franchiz pou medikaman sou preskripsyon yo: $120. Plan sa a pa gen okenn franchiz medikal.	Franchiz pou medikaman sou preskripsyon yo: $0. Plan sa a pa gen okenn franchiz medikal.
Montan maksimòm ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou	Nan plan sa a, ou ka pa gen anyen pou peye pou sèvis Medicare kouvri yo, selon nivo ou kalifye pou li a anba Medicaid. Men ki limit ou genyen pou ane a nan plan sa a: • **$9,850** pou sèvis Medicare kouvri ou te resevwa nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a. Si w rive nan limit sa ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a, ou kontinye jwenn sèvis lopital ak sèvis medikal ki kouvri yo epi n ap peye tout sa yo koute pou rès ane a.	Nan plan sa a, ou ka pa gen anyen pou peye pou sèvis Medicare kouvri yo, selon nivo ou kalifye pou li a anba Medicaid. Men ki limit ou genyen pou ane a nan plan sa a: • **$9,850** pou sèvis Medicare kouvri ou te resevwa nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki nan rezo a. Si w rive nan limit sa ou ka peye ak lajan ki soti nan pòch ou a, ou kontinye jwenn sèvis lopital ak sèvis medikal ki kouvri yo epi n ap peye tout sa yo koute pou rès ane a.

BENEFIS MEDIKAL AK BENEFIS LOPITAL KI KOUVRI YO		
Benefis/Sèvis	**AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade**	**AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole**
Sèvis lopital pandan pasyan an entène	Ko-peman $0 chak lè ou entène *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Ko-peman $0 chak lè ou entène *Yon otorizasyon alavans nesesè.*
Sèvis lopital san pasyan an pa entène	Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 Operasyon pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 *Se pa tout sèvis prevansyon oswa sèvis dyagnostik pasyan an resevwa san li pa entène ki mande yon otorizasyon alavans.*	Sèvis lopital pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 Operasyon pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 *Se pa tout sèvis prevansyon oswa sèvis dyagnostik pasyan an resevwa san li pa entène ki mande yon otorizasyon alavans.*
Sèvis nan yon sant chirijikal anbilatwa (ASC)	Sant chirijikal anbilatwa: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	Sant chirijikal anbilatwa: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*
Vizit kay doktè (doktè swen prensipal ak espesyalis)	Vizit kay pwofesyonèl sante prensipal (PCP): Ko-peman $0 Vizit prevantif ki pou fèt chak ane a: Ko-peman $0 Vizit kay espesyalis: Ko-peman $0	Vizit kay pwofesyonèl sante prensipal (PCP): Ko-peman $0 Vizit prevantif ki pou fèt chak ane a: Ko-peman $0 Vizit kay espesyalis: Ko-peman $0
Swen prevansyon ***(p. eg. vaksen kont grip la, depistaj dyabèt)***	Ko-peman $0 pou tout sèvis prevantif ki kouvri nan Original Medicare pou yon depans pataje zewo dola. Plan an ap peye pou nenpòt lòt sèvis prevansyon Medicare apwouve pandan ane kontra a.	Ko-peman $0 pou tout sèvis prevantif ki kouvri nan Original Medicare pou yon depans pataje zewo dola. Plan an ap peye pou nenpòt lòt sèvis prevansyon Medicare apwouve pandan ane kontra a.
Swen ijans	Ko-peman $0 Kouvèti asirans ijans toupatou nan monn nan: Ko-peman $0	Ko-peman $0 Kouvèti asirans ijans toupatou nan monn nan: Ko-peman $0

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Swen ijans (suit)	Yon montan $50,000 aplike chak ane antanke kouvèti maksimòm pou sèvis ijans ak vizit nan sant swen rapid deyò peyi Etazini an. Sa pa gen ladan l pwosedi ki planifye yo. Depans pataje pou sèvis ijans ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.	Yon montan $50,000 aplike chak ane antanke kouvèti maksimòm pou sèvis ijans ak vizit nan sant swen rapid deyò peyi Etazini an. Sa pa gen ladan l pwosedi ki planifye yo. Depans pataje pou sèvis ijans ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.
Sèvis ki nesesè rapid	Ko-peman $0 Kouvèti pou swen rapid toupatou nan monn nan Ko-peman $0 Yon montan $50,000 aplike chak ane antanke kouvèti maksimòm pou sèvis ijans ak vizit nan sant swen rapid deyò peyi Etazini an. Sa pa gen ladan l pwosedi ki planifye yo. Sa gen ladan l sèvis ki nesesè pou trete yon maladi, yon blesi oswa yon pwoblèm medikal ki pa yon ijans, ki parèt sanzatann e ki mande yon atansyon medikal imedyat. Depans pataje pou sèvis rapid ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.	Ko-peman $0 Kouvèti pou swen rapid toupatou nan monn nan Ko-peman $0 Yon montan $50,000 aplike chak ane antanke kouvèti maksimòm pou sèvis ijans ak vizit nan sant swen rapid deyò peyi Etazini an. Sa pa gen ladan l pwosedi ki planifye yo. Sa gen ladan l sèvis ki nesesè pou trete yon maladi, yon blesi oswa yon pwoblèm medikal ki pa yon ijans, ki parèt sanzatann e ki mande yon atansyon medikal imedyat. Depans pataje pou sèvis rapid ki nesesè yo manm nan resevwa deyò rezo a se menm depans pataje manm nan genyen lè li resevwa jan de sèvis sa yo nan rezo a.

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Sèvis dyagnostik/Analiz nan laboratwa/Imajri (sa gen ladan l tès ak pwosedi dyagnostik, analiz nan laboratwa, radyoloji dyagnostik ak radyografi)	Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: Tès ak pwosedi dyagnostik: Ko-peman $0 Sèvis laboratwa: Ko-peman $0 Sèvis radyoloji dyagnostik (tankou MRI, eskàn CAT): Ko-peman $0 Radyografi pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 Sèvis radyoloji terapetik (tankou tretman radyasyon pou kansè): Ko-peman $0 *Se pa tout pwosedi dyagnostik, tès ak sèvis laboratwa ki mande yon otorizasyon alavans. Pifò sèvis laboratwa yo pa mande yon otorizasyon alavans. Kèk sèvis laboratwa ki espesyalize (pa egzanp sèvis laboratwa pou tès jenetik) gendwa mande yon otorizasyon alavans. Mande pwofesyonèl sante w la rele plan an pou verifye si w bezwen yon otorizasyon.*	Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: Tès ak pwosedi dyagnostik: Ko-peman $0 Sèvis laboratwa: Ko-peman $0 Sèvis radyoloji dyagnostik (tankou MRI, eskàn CAT): Ko-peman $0 Radyografi pou pasyan ki pa entène: Ko-peman $0 Sèvis radyoloji terapetik (tankou tretman radyasyon pou kansè): Ko-peman $0 *Se pa tout pwosedi dyagnostik, tès ak sèvis laboratwa ki mande yon otorizasyon alavans. Pifò sèvis laboratwa yo pa mande yon otorizasyon alavans. Kèk sèvis laboratwa ki espesyalize (pa egzanp sèvis laboratwa pou tès jenetik) gendwa mande yon otorizasyon alavans. Mande pwofesyonèl sante w la rele plan an pou verifye si w bezwen yon otorizasyon.*
Sèvis odisyon	Egzamen pou dyagnostike e pou trete pwoblèm odisyon ak pwoblèm ekilib: Ko-peman $0 Egzamen odisyon woutin (jiska yon 1 vizit chak ane): Ko-peman $0. Benefis aparèy pou tande sou preskripsyon an gen ladan l jiska de [2] aparèy pou tande (1 aparèy pou tande pou chak zòrèy) chak ane pou teknoloji aparèy pou tande ki nan nivo	Egzamen pou dyagnostike e pou trete pwoblèm odisyon ak pwoblèm ekilib: Ko-peman $0 Egzamen odisyon woutin (jiska yon 1 vizit chak ane): Ko-peman $0. Benefis aparèy pou tande sou preskripsyon an gen ladan l jiska de [2] aparèy pou tande (1 aparèy pou tande pou chak zòrèy) chak 3 ane pou teknoloji aparèy pou tande ki nan nivo

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Sèvis odisyon (suit)	Select atravè NationsHearing, san sa pa koute manm nan anyen. Tout aparèy pou tande NationsHearing ofri yo genyen: • Yon peryòd evalyasyon ki dire 60 jou ak yon garanti 100% ranbousman (san pa gen okenn frè pou peye pou retounen aparèy la) • 1 ajisteman aparèy pou tande pou chak aparèy pou tande • 3 randevou suivi nan lespas yon ane apre dat ajisteman an • Yon kantite pil ki dire 3 ane (pou aparèy pou tande ki pa ka rechaje yo, jiska 60 pil chak ane pou chak zòrèy) • Yon garanti fabrikan ki konplè pandan 3 ane, avèk posiblite pou ranplase aparèy pou tande a yon sèl fwa si w pèdi l oswa si li domaje • Moul pou zòrèy (premye fwa a sèlman, lè sa nesesè) • Yon sipò kontini san limit pou manm yo atravè NationsHearing	Select atravè NationsHearing, san sa pa koute manm nan anyen. Tout aparèy pou tande NationsHearing ofri yo genyen: • Yon peryòd evalyasyon ki dire 60 jou ak yon garanti 100% ranbousman (san pa gen okenn frè pou peye pou retounen aparèy la) • 1 ajisteman aparèy pou tande pou chak aparèy pou tande • 3 randevou suivi nan lespas yon ane apre dat ajisteman an • Yon kantite pil ki dire 3 ane (pou aparèy pou tande ki pa ka rechaje yo, jiska 60 pil chak ane pou chak zòrèy) • Yon garanti fabrikan ki konplè pandan 3 ane, avèk posiblite pou ranplase aparèy pou tande a yon sèl fwa si w pèdi l oswa si li domaje • Moul pou zòrèy (premye fwa a sèlman, lè sa nesesè) • Yon sipò kontini san limit pou manm yo atravè NationsHearing
Sèvis dantè	Sèvis sante prevantif: • Egzamen bouch (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0. • Netwaye (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0.	Sèvis sante prevantif: • Egzamen bouch (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0. • Netwaye (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0.

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Sèvis dantè (suit)	• Tretman fliyorid (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0. • Radyografi dantè (1 radyografi pou tout bouch la ak 1 radyografi panoramik chak 5 ane epi jiska 6 radyografi entèpwoksimal oswa peri-apikal chak ane): Ko-peman $0. Sèvis dantè konplè: • Ti restorasyon (plonbaj). • Rache dan pa mwayen metòd senp lan oswa pa mwayen chiri. • Ratelye (1 pou chak akad chak 5 an). • Reparasyon fo dan ak rebazaj. • Chiriji nan bouch. • Pawodonti/andodonti. • Kouwòn. • Mini-enplan. Limit $1,500 nan kouvèti plan an pou benefis dantè konplè chak ane. Ou kapab sèvi avèk oksid nitre pou kèk kalite sèvis dantè ki kouvri, tankou plonbay, kouwòn, terapi kannal radikilè ak ekstraksyon (sa pa aplike pou dan sajès yo) ak lòt ankò. Nou kòmanse kouvri sèvis ki pèmèt yon dantis fè ajisteman nan yon ratelye ou deja genyen apre yon pwosedi mini-enplan, pou ede l byen antre nan bouch ou a sou w pa	• Tretman fliyorid (jiska 1 vizit chak sis mwa): Ko-peman $0. • Radyografi dantè (1 radyografi pou tout bouch la ak 1 radyografi panoramik chak 5 ane epi jiska 6 radyografi entèpwoksimal oswa peri-apikal chak ane): Ko-peman $0. Sèvis dantè konplè: • Ti restorasyon (plonbaj). • Rache dan pa mwayen metòd senp lan oswa pa mwayen chiri. • Ratelye (1 pou chak akad chak 5 an). • Reparasyon fo dan ak rebazaj. • Chiriji nan bouch. • Pawodonti/andodonti. • Kouwòn. • Mini-enplan. Limit $2,000 nan kouvèti plan an pou benefis dantè konplè chak ane. Ou kapab sèvi avèk oksid nitre pou kèk kalite sèvis dantè ki kouvri, tankou plonbay, kouwòn, terapi kannal radikilè ak ekstraksyon (sa pa aplike pou dan sajès yo) ak lòt ankò. Nou kòmanse kouvri sèvis ki pèmèt yon dantis fè ajisteman nan yon ratelye ou deja genyen apre yon pwosedi mini-enplan, pou ede l byen antre nan bouch ou a sou w pa

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Sèvis dantè (suit)	bezwen yon nouvo ratelye. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou sèvis dantè konplè yo. Ka gen lòt limit ki aplike sou sèvis yo. Se ou ki pou peye pou nenpòt montan ki anplis limit benefis la.*	bezwen yon nouvo ratelye. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou sèvis dantè konplè yo. Ka gen lòt limit ki aplike sou sèvis yo. Se ou ki pou peye pou nenpòt montan ki anplis limit benefis la.*
Sèvis vizyon	Egzamen je woutin (jiska yon 1 vizit chak ane): Ko-peman $0. Linèt oswa lantiy kontak apre yon operasyon katarak: Ko-peman $0 Lantiy kontak OSWA linèt: Plan nou an peye jiska $250 chak ane pou linèt oswa pou lantiy kontak. *Se pou w itilize montan benefis la (alokasyon an) pou peye pou sèvis vizyon nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou swen sa yo. Epitou, w ap gen pou peye pou tout depans ki plis pase limit benefis ou a.*	Egzamen je woutin (jiska yon 1 vizit chak ane): Ko-peman $0. Linèt oswa lantiy kontak apre yon operasyon katarak: Ko-peman $0 Lantiy kontak OSWA linèt: Plan nou an peye jiska $250 chak ane pou linèt oswa pou lantiy kontak. *Se pou w itilize montan benefis la (alokasyon an) pou peye pou sèvis vizyon nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki nan rezo a. Nan pifò ka yo, si w jwenn swen nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo a, w ap gen pou peye pou swen sa yo. Epitou, w ap gen pou peye pou tout depans ki plis pase limit benefis ou a.*
Sèvis sante mantal	Ko-peman $0 • Vizit pandan pasyan an entène. • Vizit terapi an gwoup san pasyan an pa entène. • Vizit terapi individyèl san pasyan an pa entène. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou jwenn sèvis pou pasyan ki entène.*	Ko-peman $0 • Vizit pandan pasyan an entène. • Vizit terapi an gwoup san pasyan an pa entène. • Vizit terapi individyèl san pasyan an pa entène. *Yon otorizasyon alavans nesesè pou jwenn sèvis pou pasyan ki entène.*

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) – Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Etablisman swen enfimyè espesyalize (SNF)	Ko-peman $0 chak lè ou entène *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Ko-peman $0 chak lè ou entène *Yon otorizasyon alavans nesesè.*
Fizyoterapi	Vizit fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Vizit fizyoterapi, ègoterapi ak òtofoni: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans nesesè.*
Anbilans	Anbilans nan machin: Ko-peman $0 Anbilans nan avyon/elikoptè: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	Anbilans nan machin: Ko-peman $0 Anbilans nan avyon/elikoptè: Ko-peman $0 *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*
Transpò	Ko-peman $0. 36 trajè ale sèlman pou ale nan etablisman plan an apwouve chak ane (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital. Sa ka gen ladan l transpò nan machin, nan minibis oswa nan kamyonèt, selon sa ki apwopriye pou sitiyasyon an ak bezwen manm yo.) *Se pou ou mande transpò a omwen yon jou ouvrab alavans, sof nan sikonstans espesyal. Limit la se 50 mil pou chak trajè ale sèlman.*	Ko-peman $0. 36 trajè ale sèlman pou ale nan etablisman plan an apwouve chak ane (p. eg. kabinè doktè a, famasi ak lopital. Sa ka gen ladan l transpò nan machin, nan minibis oswa nan kamyonèt, selon sa ki apwopriye pou sitiyasyon an ak bezwen manm yo.) *Se pou ou mande transpò a omwen yon jou ouvrab alavans, sof nan sikonstans espesyal. Limit la se 50 mil pou chak trajè ale sèlman.*
Medikaman Medicare Pati B	Yon ko-asirans 20% ap aplike pou medikaman chimyoterapi ki pa prefere ak lòt medikaman Pati B ki pa prefere. Ko-asirans 0% pou medikaman Pati B ki prefere yo. Ko-asirans 20% oswa $35, si montan sa a mwens, pou medikaman pou ensilin Pati B ki pa prefere yo. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*	Yon ko-asirans 20% ap aplike pou medikaman chimyoterapi ki pa prefere ak lòt medikaman Pati B ki pa prefere. Ko-asirans 0% pou medikaman Pati B ki prefere yo. Ko-asirans 20% oswa $35, si montan sa a mwens, pou medikaman pou ensilin Pati B ki pa prefere yo. *Yon otorizasyon alavans ka nesesè.*

BENEFIS POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON YO

Benefis/Sèvis	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Etap franchiz pou ane a	Franchiz pou medikaman sou preskripsyon yo: $120 pou nivo 3-5 yo. Si w resevwa "èd siplemantè" a ("Extra Help") nan men Medicare, franchiz ou a se $0. Si w chanje kategori nan kalifikasyon w pou Medicaid oswa si w chanje nivo nan èd siplemantè ou resevwa a, depans pataje w la gendwa ogmante oswa diminye. Tanpri gade dokiman *Prèv kouvèti asirans* lan *(Evidence of Coverage, EOC)* pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis yo.	Plan w pa gen okenn franchiz pou medikaman sou preskripsyon yo nan okenn nivo. Si w chanje kategori nan kalifikasyon w pou Medicaid oswa si w chanje nivo nan èd siplemantè ou resevwa a, depans pataje w la gendwa ogmante oswa diminye. Tanpri gade dokiman *Prèv kouvèti asirans* lan *(Evidence of Coverage, EOC)* pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis yo.

Etap kouvèti inisyal la

Ou rete nan etap kouvèti inisyal la jiskaske depans ou fè ak lajan ki soti nan pòch ou a a rive nan $2,400. Lè sa a, ou transfere nan etap kouvèti katastwofik la.

	Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo — Miami-Dade	Depans pataje estanda nan famasi ki vann pwodui bay konsomatè yo — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Nivo	**Yon kantite ki dire yon mwa**	**Yon kantite ki dire yon mwa**
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $3	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%
Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	Ko-asirans 31%	Ko-asirans 33%
Nivo 50 (medikaman ki pa nan Pati D a)	Ko-peman $0	Ko-peman $0

Nivo	Yon kantite ki dire de mwa	Yon kantite ki dire de mwa
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $6	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%
Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	N/A	N/A

Nivo	Yon kantite ki dire twa mwa	Yon kantite ki dire twa mwa
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $9	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%
Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	N/A	N/A
Nivo 50 (medikaman ki pa nan Pati D a)	Ko-peman $0	Ko-peman $0

	Depans pataje estanda nan famasi ki vann pa korespondans	Depans pataje estanda nan famasi ki vann pa korespondans
Nivo	**Yon kantite ki dire yon mwa**	**Yon kantite ki dire yon mwa**
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $3	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%

Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	Ko-asirans 31%	Ko-asirans 33%
Nivo 50 (medikaman ki pa nan Pati D a)	Ko-peman $0	Ko-peman $0

Nivo	Yon kantite ki dire de mwa	Yon kantite ki dire de mwa
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $6	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%
Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	N/A	N/A
Nivo 50 (medikaman ki pa nan Pati D a)	Ko-peman $0	Ko-peman $0

Nivo	Yon kantite ki dire twa mwa	Yon kantite ki dire twa mwa
Nivo 1 (medikaman jenerik prefere)	Ko-peman $0	Ko-peman $0
Nivo 2 (medikaman jenerik)	Ko-peman $9	Ko-peman $0
Nivo 3 (medikaman mak prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 11%
Nivo 4 (medikaman ki pa prefere)	Ko-asirans 25%	Ko-asirans 25%
Nivo 5 (medikaman espesyalize)	N/A	N/A
Nivo 50 (medikaman ki pa nan Pati D a)	Ko-peman $0	Ko-peman $0

Tanpri rele nou oswa konsilte dokiman plan an ki rele “**Prèv kouvèti asirans**” sou sitwèn nou an nan adrès www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl pou jwenn tout enfòmasyon ki nesesè yo sou sa medikaman ki kouvri yo ap koute w.

Etap kouvèti katastwofik
Ko-peman $0

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Akiponkti	Ko-peman $0 Jiska 6 vizit akiponkti woutin (san Medicare) chak ane.	Ko-peman $0 Jiska 6 vizit akiponkti woutin (san Medicare) chak ane.
Lòt sèvis pou ede moun kite fimen oswa sèvi ak tabak	Ko-peman $0 pou chak vizit Kat vizit siplemantè kay pwofesyonèl sante prensipal la an pèsòn pou ede moun kite fimen/itilize tabak chak ane. Vizit sa yo ajoute sou uit vizit Medicare kouvri yo. Sa bay yon total 12 vizit pandan yon peryòd 12 mwa.	Ko-peman $0 pou chak vizit Kat vizit siplemantè kay pwofesyonèl sante prensipal la an pèsòn pou ede moun kite fimen/itilize tabak chak ane. Vizit sa yo ajoute sou uit vizit Medicare kouvri yo. Sa bay yon total 12 vizit pandan yon peryòd 12 mwa.
Swen chiwopratik	Ko-peman $0 pou chak vizit Jiska 12 vizit swen chiwopratik woutin (san Medicare) chak ane	Ko-peman $0 pou chak vizit Jiska 12 vizit swen chiwopratik woutin (san Medicare) chak ane
Benefis fitnès	Ko-peman $0 pou chak vizit SilverSneakers® se yon benefis fitnès ki gratis. Li pèmèt manm yo ale nan etablisman fitnès SilverSneakers® ki patisipe yo, jwenn resous pou byennèt yo sou Entènèt epi patisipe nan kou fitnès.	Ko-peman $0 pou chak vizit SilverSneakers® se yon benefis fitnès ki gratis. Li pèmèt manm yo ale nan etablisman fitnès SilverSneakers® ki patisipe yo, jwenn resous pou byennèt yo sou Entènèt epi patisipe nan kou fitnès.
Sèvis sante adomisil	Ko-peman $0 Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis sante adomisil *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Ko-peman $0 Sèvis ki kouvri yo gen ladan yo bagay sa yo ak lòt bagay ankò: • Sèvis sante adomisil *Yon otorizasyon alavans nesesè.*
Benefis repa apre egzeyat	Ko-peman $0 Benefis repas apre egzeyat la kouvri 14 repa pandan yon peryòd yon semèn	Ko-peman $0 Benefis repas apre egzeyat la kouvri 14 repa pandan yon peryòd yon semèn

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Benefis repa apre egzeyat (suit)	pou manm ki kalifye yo ki pa kapab soti lakay yo nan lespas 30 jou apre chak egzeyat nan yon etablisman kote pasyan an te entène oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize, jiska kat fwa chak ane. *Li nesesè pou doktè a refere manm nan.*	pou manm ki kalifye yo ki pa kapab soti lakay yo nan lespas 30 jou apre chak egzeyat nan yon etablisman kote pasyan an te entène oswa nan yon etablisman swen enfimyè espesyalize, jiska kat fwa chak ane. *Li nesesè pou doktè a refere manm nan.*
Ekipman/founiti medikal	Ko-peman $0 pou ekipman/founiti ki vin annapre yo Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou: • Ekipman medikal dirab Medicare kouvri ki koute plis pase $750. • Atik pou lwe ak atik ou ka lwe pou achte. Yon otorizasyon alavans nesesè pou: • Acha chèz woulant (ni sa ki elektrik ni sa ki mànyèl) ak tout akseswa pou chèz woulant yo (konpozan), kèlkeswa sa chak atik koute. • Sipleman nitrisyonèl anteral. Pwotèz/Founiti medikal: Yon otorizasyon alavans nesesè pou pwotèz ak founiti medikal Medicare kouvri yo, kit yo lwe, kit yo achte. Atik pou moun ki gen dyabèt • Mak ki pa prefere yo ak tout glikomèt kontini yo mande yon otorizasyon alavans epi yo gen yon ko-asirans 20%. Mak prefere yo gen yon ko-peman $0.	Ko-peman $0 pou ekipman/founiti ki vin annapre yo Yon otorizasyon alavans ka nesesè pou: • Ekipman medikal dirab Medicare kouvri ki koute plis pase $750. • Atik pou lwe ak atik ou ka lwe pou achte. Yon otorizasyon alavans nesesè pou: • Acha chèz woulant (ni sa ki elektrik ni sa ki mànyèl) ak tout akseswa pou chèz woulant yo (konpozan), kèlkeswa sa chak atik koute. • Sipleman nitrisyonèl anteral. Pwotèz/Founiti medikal: Yon otorizasyon alavans nesesè pou pwotèz ak founiti medikal Medicare kouvri yo, kit yo lwe, kit yo achte. Atik pou moun ki gen dyabèt • Mak ki pa prefere yo ak tout glikomèt kontini yo mande yon otorizasyon alavans epi yo gen yon ko-asirans 20%. Mak prefere yo gen yon ko-peman $0.

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Sèvis nan kad pwogram tretman pou opyoyid	Ko-peman $0 • Konsèy pou abi sibstans. • Terapi endividyèl ak terapi an gwoup.	Ko-peman $0 • Konsèy pou abi sibstans. • Terapi endividyèl ak terapi an gwoup.
Reyabilitasyon san pasyan an pa entène.	Ko-peman $0 • Sèvis reyabilitasyon kadyak (pou kè a) • Reyabilitasyon pilmonè • SET *Yon otorizasyon alavans nesesè.*	Ko-peman $0 • Sèvis reyabilitasyon kadyak (pou kè a) • Reyabilitasyon pilmonè • SET *Yon otorizasyon alavans nesesè.*
Pwodui yo vann san preksipsyon ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a	Manm yo jwenn yon alokasyon konbine $158 chak mwa pou yo depanse l pou benefis ki vin annapre yo: **Pwodui yo vann san preksipsyon** Tout manm yo kapab itilize alokasyon konbine a pou achte pwodui yo vann san preskripsyon ki kalifye. Pwodui yo vann san preskripsyon sa yo se kapab vitamin, medikaman pou soulaje doulè, remèd pou grip ak lòt ankò. Kòb la chaje chak mwa sou yon kat debi plan an bay. • Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. • Pa gen limit sou kantite atik oswa kòmann yo.	Manm yo jwenn yon alokasyon konbine $150 chak mwa pou yo depanse l pou benefis ki vin annapre yo: **Pwodui yo vann san preksipsyon** Tout manm yo kapab itilize alokasyon konbine a pou achte pwodui yo vann san preskripsyon ki kalifye. Pwodui yo vann san preskripsyon sa yo se kapab vitamin, medikaman pou soulaje doulè, remèd pou grip ak lòt ankò. Kòb la chaje chak mwa sou yon kat debi plan an bay. • Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. • Pa gen limit sou kantite atik oswa kòmann yo.

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Pwodui yo vann san preksipsyon ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a (suit)	Nenpòt kòb ki pa t itilize ap ekspire nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an. Naloksòn nan kouvri antanke benefis Pati C pou pwodui ki vann san preskripsyon yo. Terapi ranplasman nikotin (NRT) ki disponib la pa vini anplis lòt medikaman yo vann san preskripsyon ki nan Pati D a oswa nan fòmilè a. **Aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an** Tout manm yo kapab itilize alokasyon konbine a pou achte aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an, tankou ba pou apiye yo, manch pòt, tapi ki pa glise, chèz sekirite ak aparèy pou modifye saldeben an. Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire nan fen chak mwa oswa lè manm nan dezenskri nan plan an. **Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI)** Si w kalifye pou SSBCI, ou kapab itilize alokasyon konbine a pou depans ou fè nan lavi chak jou a tou. Ou kapab sèvi ak alokayson an pou: • Manje ki bon pou sante w • Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz)	Nenpòt kòb ki pa t itilize ap ekspire nan fen mwa a oswa lè manm nan dezenskri nan plan an. Naloksòn nan kouvri antanke benefis Pati C pou pwodui ki vann san preskripsyon yo. Terapi ranplasman nikotin (NRT) ki disponib la pa vini anplis lòt medikaman yo vann san preskripsyon ki nan Pati D a oswa nan fòmilè a. **Aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an** Tout manm yo kapab itilize alokasyon konbine a pou achte aparèy pou sekirite kay la ak saldeben an, tankou ba pou apiye yo, manch pòt, tapi ki pa glise, chèz sekirite ak aparèy pou modifye saldeben an. Manm yo kapab achte sou katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. Nenpòt kòb ki rete ap ekspire nan fen chak mwa oswa lè manm nan dezenskri nan plan an. **Benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI)** Si w kalifye pou SSBCI, ou kapab itilize alokasyon konbine a pou depans ou fè nan lavi chak jou a tou. Ou kapab sèvi ak alokayson an pou: • Manje ki bon pou sante w • Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz)

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Pwodui yo vann san preksipsyon ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a (suit)	Se pa tout manm yo ki kalifye. Se sèlman manm ki kalifye pou SSBCI ki kapab itilize alokasyon yo a pou peye pou lwaye kay, pou bòdwo kouran, dlo ak gaz, pou Entènèt oswa pou manje ki bon pou sante yo. Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen youn nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo: maladi kadyovaskilè, pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape moun nan, maladi gastwo-entestinal kwonik (sa limite nan ensifizans epatik nan faz tèminal), ensifizans kadyak kwonik, maladi poumon kwonik (sa limite nan bwonkonemopati kwonik obstriktif), maladi tisi konjonktif, demans, dyabèt melitis, stwok ak/oswa obezite, ak sendwòm metabolik. Epitou: Pwoblèm sante a dwe menase menase lavi manm nan oswa li dwe mete gwo limit sou sante oswa sou fonksyon manm nan; manm nan dwe gen yon gwo risk pou l entène lopital oswa pou l sibi lòt konsekans ki negatif pou sante l la; epi manm nan dwe bezwen yon sèvis kowòdinasyon swen ki entansif. Plan an pral egzamine kritè objektif yo pou detèmine si manm nan kalifye. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou verifye si li kalifye, manm nan ta dwe kontakte plan an. Gen limit ki aplike. **Mete sou sa, ou dwe ranpli omwen youn nan kondisyon ki vin annapre yo:**	Se pa tout manm yo ki kalifye. Se sèlman manm ki kalifye pou SSBCI ki kapab itilize alokasyon yo a pou peye pou lwaye kay, pou bòdwo kouran, dlo ak gaz, pou Entènèt oswa pou manje ki bon pou sante yo. Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen youn nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo: maladi kadyovaskilè, pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape moun nan, maladi gastwo-entestinal kwonik, ensifizans kadyak kwonik (sa limite nan ensifizans epatik nan faz tèminal), maladi poumon kwonik (sa limite nan bwonkonemopati kwonik obstriktif), maladi tisi konjonktif, demans, dyabèt melitis, stwok ak/oswa obezite, ak sendwòm metabolik. Epitou: Pwoblèm sante a dwe menase menase lavi manm nan oswa li dwe mete gwo limit sou sante oswa sou fonksyon manm nan; manm nan dwe gen yon gwo risk pou l entène lopital oswa pou l sibi lòt konsekans ki negatif pou sante l la; epi manm nan dwe bezwen yon sèvis kowòdinasyon swen ki entansif. Plan an pral egzamine kritè objektif yo pou detèmine si manm nan kalifye. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou verifye si li kalifye, manm nan ta dwe kontakte plan an. Gen limit ki aplike. **Mete sou sa, ou dwe ranpli omwen youn nan kondisyon ki vin annapre yo:**

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
Pwodui yo vann san preksipsyon ak sipò pou aktivite ki fèt nan lavi chak jou a (suit)	• Ou te entène lopital youn oswa plizyè fwa akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l pou sante konpòtmantal tou) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te jwenn swen nan yon sant swen rapid oswa nan sal dijans lan akòz pwoblèm sante kwonik ou a nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te fè de vizit oswa plis san w pa t entène akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l vizit kay pwoblèm sante prensipal ou a oswa kay yon espesyalis) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou se yon pasyan ki bezwen vizit sante adomisil akòz pwoblèm sante kwonik ou a. • Ou se yon pasyan ki genyen youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik e ki bezwen youn oswa plizyè ekipman medikal dirab (DME) san w pa entène, nan limit sa a: chèz woulant elektrik/mànyèl ki nan gwoup 3, vantilasyon non-envazif (NIV), machin BiPAP, aparèy in-èksiflasyon mekanik, oswa matla ki nan gwoup 2 oswa nan gwoup 3.	• Ou te entène lopital youn oswa plizyè fwa akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l pou sante konpòtmantal tou) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te jwenn swen nan yon sant swen rapid oswa nan sal dijans lan akòz pwoblèm sante kwonik ou a nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou te fè de vizit oswa plis san w pa t entène akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l vizit kay pwoblèm sante prensipal ou a oswa kay yon espesyalis) nan 12 mwa ki sot pase yo. • Ou se yon pasyan ki bezwen vizit sante adomisil akòz pwoblèm sante kwonik ou a. • Ou se yon pasyan ki genyen youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik e ki bezwen youn oswa plizyè ekipman medikal dirab (DME) san w pa entène, nan limit sa a: chèz woulant elektrik/mànyèl ki nan gwoup 3, vantilasyon non-envazif (NIV), machin BiPAP, aparèy in-èksiflasyon mekanik, oswa matla ki nan gwoup 2 oswa nan gwoup 3.
Sèvis podyatri	Ko-peman $0 pou chak vizit 6 vizit woutin pou swen pye chak ane.	Ko-peman $0 pou chak vizit 6 vizit woutin pou swen pye chak ane.
Telemedsin	Ko-peman $0 pou chak vizit Sèvis telemedsin yo disponib pou pale avèk yon doktè ki patisipe nan telefòn,	Ko-peman $0 pou chak vizit Sèvis telemedsin yo disponib pou pale avèk yon doktè ki patisipe nan telefòn,

Benefis/Sèvis siplemantè	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Miami-Dade	AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) — Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole
	sou yon òdinatè oswa sou yon aparèy mobil yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a. Manm yo kapab konsilte yon doktè pou jwenn swen medikal, konsèy oswa sèvis sikyatrik. Epitou, manm yo ka pran yon randevou telemedsin pou pi devan.	sou yon òdinatè oswa sou yon aparèy mobil yo 24 sou 24, 7 jou sou 7, pandan tout ane a. Manm yo kapab konsilte yon doktè pou jwenn swen medikal, konsèy oswa sèvis sikyatrik. Epitou, manm yo ka pran yon randevou telemedsin pou pi devan.
Liy enfimyè ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7	Ko-peman $0 Liy enfimyè 24/7 la se yon sèvis ki disponib pou tout manm yo 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Sèvis sa a la pou bay manm yo yon resous k ap reponn kesyon yo genyen yo sou sante e pou rekòmande yo nivo swen yo ka bezwen an.	Ko-peman $0 Liy enfimyè 24/7 la se yon sèvis ki disponib pou tout manm yo 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Sèvis sa a la pou bay manm yo yon resous k ap reponn kesyon yo genyen yo sou sante e pou rekòmande yo nivo swen yo ka bezwen an.

Medicaid

Byenke AmeriHealth Caritas VIP Care pa kouvri sèvis ki vin annapre yo, yo disponib atravè Medicaid:

Pou tout sèvis HCBS ki ofri nan plan Eta a tou, ou dwe fin itilize tout benefis plan Eta a nètale anvan ou ka jwenn sèvis HCBS yo. Mete sou sa, ou sipoze fin itilize tout benefis Medicare yo ak lòt resous ki disponib, tankou limit ki aplike nan asirans prive w. Finalman, genyen yon seri sèvis HCBS ou pa kapab jwenn anmenmtan.

Egzansyon HCBS
Sèvis alèji
Sant chirijikal anbilatwa
Sèvis anestezi
Sèvis swen asiste
Analiz konpòtmantal
Sèvis konplemantè pou sante konpòtmantal
Sèvis evalyasyon sante konpòtmantal
Sèvis ak sipò kominotè pou sante konpòtmantal
Sèvis entèvansyon pou sante konpòtmantal
Pwogram jesyon Medicaid pou sante konpòtmantal
Sèvis terapi sante konpòtmantal
Sèvis kadyovaskilè
Sèvis chiwopratik
Sèvis kominotè pou sante konpòtmantal
Sèvis nan Depatman Sante Konte a (CHD)
Sèvis dantè
Sèvis dyaliz

Egzansyon HCBS
Ekipman medikal dirab (DME) ak founiti medikal
Sèvis evalyasyon ak jesyon
Sèvis nan sant sante ki kalifye anba règ federal yo
Sèvis gastwo-entestinal
Sèvis jenito-irinè
Sèvis odisyon
Sèvis sante adomisil
Lopital - Pasyan ki entène
Lopital - Pasyan ki pa entène
Lopital - Sante mantal Eta
Sèvis tegimantè
Sèvis laboratwa
Sèvis medikal nan kad akèy nan fwaye (MFC)
Newoloji
Etablisman swen enfimyè
Chiriji bikal ak maksilofasyal
Sèvis òtopedik
Sèvis jesyon doulè
Sèvis swen pèsonèl
Sèvis podyatri
Sèvis medikaman sou preskripsyon
Sèvis radyoloji ak medsin nikleyè

Egzansyon HCBS
Sèvis repwodiksyon
Sèvis respiratwa
Sèvis nan sant sante riral
Swen terapetik espesyalize nan fwaye dakèy
Jesyon dosye sible – Sante mantal
Sèvis terapi – Ègoterapi
Sèvis terapi – Fizyoterapi
Sèvis terapi – Inaloterapi
Sèvis terapi – Òtofoni
Sèvis grèf
Transpò - Ijans
Transpò - San ijans
Sèvis aparèy pou ede w wè
Sèvis swen je

AVI LEGAL

Dokiman sa a disponib nan lòt fòma, pa egzanp an gwo karaktè, nan ekriti bray oswa sou fòma odyo. Pou Miami-Dade, rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-833-535-3767 (TTY: 711). Pou konte Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole, rele nan 1-833-467-3502 (TTY: 711). Nou disponib ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.

Si usted habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Si vive en el condado de Miami-Dade, llame al 1-833-535-3767 (TTY 711). Si vive en los condados de Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola y Seminole, llame al 1-833-467-3502 (TTY 711). Nuestro horario de atención del 1.º de octubre al 31 de marzo es de 8 a. m. a 8 p. m., los 7 días de la semana y del 1.º de abril al 30 de septiembre de 8 a. m. a 8 p. m., de lunes a viernes. La llamada es gratuita.

Si w pale kreyòl ayisyen, gen sèvis ki gratis ki disponib pou ede w nan lang pa w. Si w rete nan konte Miami-Dade, rele nan 1-833-535-3767 (TTY 711). Si w rete nan konte Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola oswa Seminole, rele nan 1-833-467-3502 (TTY 711). Nou disponib soti 1ye oktòb rive 31 mas, ant 8 è nan maten ak 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt, epi soti 1ye avril rive 30 septanm, ant 8 è nan maten ak 8 è nan aswè, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Medicaid Florida a. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Enfòmasyon sa yo pa dekri tout benefis yo nèt. Kontakte plan an pou jwenn plis enfòmasyon. Ka gen limitasyon, ko-peman ak restriksyon ki aplike. Benefis yo, prim yo ak/oswa ko-peman/ko-asirans yo ka chanje nan 1ye janvye chak ane.

Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo.

Fòmilè a, rezo famasi a ak rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a kapab chanje nenpòt ki lè. W ap resevwa yon avi sou sa lè sa nesesè.

Pwofesyonèl ak etablisman sante yo ki pa nan rezo a oswa ki pa gen kontra avèk nou pa gen obligasyon pou yo trete manm AmeriHealth Caritas VIP Care yo, sof nan sitiyasyon ijans. Tanpri rele nan nimewo ekip sèvis pou manm yo oswa konsilte dokiman Prèv kouvèti asirans lan pou jwenn plis enfòmasyon, pa egzanp sou depans pataje ki aplike pou sèvis ou jwenn deyò rezo a.

Se AmeriHealth Caritas Florida, Inc. ki ofri kouvèti asirans sante a.

MÈSI

Konekte avèk nou

Kowòdone: Konte Miami-Dade: 1-833-535-3767, TTY: 711, Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi.

Konte Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Palm Beach ak Seminole: 1-833-467-3502, TTY: 711, Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, ou ka rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, rele soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi.

Non òganizasyon an: AmeriHealth Caritas Florida, Inc.

Sitwèb òganizasyon an: www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

H6378_001_002_128438_M_Accepted_09142026_HCR

2027



Benefis siplemantè

Florida

Disponib nan konte ki vin apre yo:
Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola, Seminole

H6378_002_129072_M_Accepted_09222026_HCR

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

Lè ou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP), ou jwenn tout benefis siplemantè sa yo **san sa pa koute w plis.**

Gen anpil nan benefis sa yo Original Medicare pa kouvri e ki ka pa disponib nan lòt plan sante.

Se pa ale kay doktè sèlman k ap ede w rete an sante epi santi w byen. Se pou rezon sa a AmeriHealth Caritas VIP Care ofri benefis pou ba w sa ou bezwen chak jou pou sante w.



Dekouvri benefis ki disponib yo. Si w gen kesyon oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, nou la pou ede w.

Rele nou nan 1-800-898-3018 (TTY 711):

- Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè
- Ant dat 1ye avril ak 30 septanm: lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè

Osinon, ou kapab ale sou sitwèb nou an sou **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl.**

Sèvis dantè

Swen dantè prevantif[1] — Ko-peman $0

Ou pa peye anyen pou sèvis prevantif ki kouvri yo nan

- Egzamen bouch
- Netwayaj dan
- Tretman fliyorid
- Radyografi

Swen dantè konplè — Ou jwenn yon alokasyon $2,000 pou chak ane sivil* pou ede w peye pou swen dantè konplè ki kouvri yo, tankou:

- Plonbay ak swen restoratif
- Tretman maladi jansiv (pawodonti)
- Ekstraksyon dan
- Sèvis pwostodontik
- Sèvis andodontik
- Chiriji nan bouch
- Ratelye
- Lòt sèvis dantè ki pa woutin

[1]Jiska yon vizit chak sis mwa pou egzamen bouch, netwayaj, tretman fliyorid ak yon radyografi chak senk ane (kantite fwa ou ka jwenn sèvis yo ka varye selon sèvis la). Gen kèk sèvis ki ka mande yon otorizasyon alavans.

*Se ou ki sipoze peye pou nenpòt montan ki anplis limit benefis la.

Benefis pou pwodui yo vann san preskripsyon

$150 chak mwa pou achte pwodui sante ak byennèt yo vann san preskripsyon ki kalifye e pou achte aparèy pou sekirite kay la. Ou kapab achte sou Entènèt, atravè katalòg atik yo vann san preskripsyon an oswa nan magazen ki vann pwodui bay konsomatè ki patisipe yo. Pa gen limit sou kantite pwodui ou ka achte ni sou kantite kòmann ou ka pase.

Manm yo ki kalifye pou benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI)[2] la pèmèt ou sèvi ak alokasyon sa a pou depans ou fè nan lavi chak jou a, tankou:

- **Manje ki bon pou sante w**
- **Sipò jeneral pou lavi w (p. eg. pou lwaye kay la, ipotèk kay la, bòdwo kouran, dlo ak gaz)**

[2]Benefis ki mansyone yo fè pati yon pwogram siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik. Se pa tout manm yo ki kalifye. Se sèlman manm ki kalifye pou benefis siplemantè espesyal pou moun ki gen maladi kwonik yo (SSBCI) ki kapab itilize alokasyon yo a pou peye pou lwaye kay, pou bòdwo kouran, dlo ak gaz, pou Entènèt oswa pou manje ki bon pou sante yo.

Pou kalifye pou SSBCI, manm nan dwe genyen omwen youn nan pwoblèm sante kwonik ki vin annapre yo: Pwoblèm kadyovaskilè, pwoblèm sante mantal ki kwonik e ki andikape w, maladi gastwo-entestinal ki kwonik (sèlman maladi fwa nan etap final), ensifizans kadyak konjestif, pwoblèm poumon ki kwonik (sèlman bwonkonemopati obstriktif kwonik), maladi tisi konjonktif, demans, dyabèt melitis, estwok ak/oswa sitiyasyon kote ou twò gwo, obezite ak sendwòm metabolik.

Mete sou sa, manm nan dwe ranpli omwen youn nan kondisyon ki vin annapre yo: Ou te entène lopital youn oswa plizyè fwa akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l pou sante konpòtmantal tou) nan 12 mwa ki sot pase yo. Ou te jwenn swen nan yon sant swen rapid oswa nan sal dijans lan akòz pwoblèm sante kwonik ou a nan 12 mwa ki sot pase yo. Ou te fè de vizit oswa plis san w pa t entène akòz pwoblèm sante kwonik ou a (sa gen ladan l vizit kay pwoblèm sante prensipal ou a oswa kay yon espesyalis) nan 12 mwa ki sot pase yo. Ou se yon pasyan ki bezwen vizit sante adomisil akòz pwoblèm sante kwonik ou a. Ou se yon pasyan ki genyen youn oswa plizyè pwoblèm sante kwonik, epi ki bezwen youn oswa plizyè ekipman medikal (DME) dirab san ou pa entène (sa limite nan chèz woulant motorize/mànyèl nan gwoup 3, aparèy vantilasyon non-envazif (NIV), machin bipap, aparèy ensiflasyon-èksiflasyon mekanik, oswa matla nan gwoup 2 oswa nan gwoup 3).

Sèvis transpò

Ko-peman $0 pou transpò medikal ki pa ijan pou ale nan etablisman sante plan an apwouve. Benefis la gen ladan l:

- 36 trajè ale sèlman pou ale nan etablisman sante plan an apwouve chak ane sivil. Limit la se 50 mil pou chak trajè ale sèlman.
- Gen sèvis transpò nan taksi, nan machin, nan kamyonèt ki ekipe pou chèz woulant, nan sèvis ki transpòte plizyè moun nan yon sèl machin ak nan lòt mwayen transpò ki disponib selon sa manm nan bezwen.



Sèvis vizyon

Ko-peman $0 pou yon egzamen je woutin ak **$250 pou linèt oswa lantiy kontak** chak ane.*

*Se ou ki sipoze peye pou nenpòt montan ki anplis limit benefis la.

Sèvis odisyon

Ko-peman $0 pou sèvis odisyon ki vin annapre yo atravè konpayi nou itilize pou bay sèvis la:

- Yon egzamen odisyon woutin chak ane
- Jiska de aparèy pou tande (youn nan chak zòrèy) chak twazan

Men sa ki enkli lè ou achte aparèy pou tande Select yo:

- Enstalasyon pwofesyonèl
- Twa vizit suivi pou ajisteman ak sipò
- Garanti twazan
- Pil pou modèl ki pa ka rechaje yo
- Sipò san limit nan men konpayi nou itilize pou bay sèvis la

Gen limit ki aplike.



Sèvis akiponkti ak chiropratik

Ko-peman $0

- 6 vizit akiponkti woutin (ki pa kouvri nan Medicare) chak ane
- 12 vizit chiwopratik woutin (ki pa kouvri nan Medicare) chak ane

Benefis fitnès

Ko-peman $0 pou yon benefis fitnès atravè SilverSneakers®. Ou gen aksè nan antrenè ki dirije yon seri kou espesyal pou fè egzèsis an gwoup. Ou kapab pran kou epi ou kapab sèvi ak ekipman egzèsis ak lòt enstalasyon ki disponib yo nan etablisman ki patisipe yo nan tout peyi a.

Mete sou sa, SilverSneakers FLEX® ba w posiblite pou ou fè aktivite nan lòt kote ki pa nan djim (pa egzanp nan sant lwazi, nan sant komèsyal ak nan pak). Epitou, SilverSneakers ede w jwenn yon rezo sipò ak resous vityèl atravè SilverSneakers LIVE™, SilverSneakers On-Demand™ ak yon aplikasyon mobil ki rele SilverSneakers GO™.

SilverSneakers®, SilverSneakers FLEX®, SilverSneakers LIVE™, SilverSneakers On-Demand™ ak SilverSneakers GO™ se mak ki pou Tivity Health Inc. © 2021 Tivity Health, Inc. Tout dwa rezève.

Tanpri konsilte pwofesyonèl sante w la anvan ou kòmanse yon nouvo pwogram egzèsis.

Repa



Jwenn repa ki livre lakay ou tousuit apre ou jwenn egzeyat lè ou te entène nan yon lopital oswa nan yon mezon retrèt.

Benefis pou repa a gen ladan l jiska 14 repa pandan yon semèn (jiska kat fwa chak ane) pou manm ki kalifye yo ki pa kapab soti lakay yo apre yo jwenn egzeyat lè yo te entène nan yon lopital oswa nan yon mezon retrèt. Repa ki livre lakay ou yo se repa bon kalite yo ye, epi se yon seri chèf ak dyetetisyen ki prepare yo pou satisfè bezwen pa w yo nan domèn alimantasyon.

Liy enfimyè ki disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7

Ko-peman $0 lè ou kontakte yon enfimyè pou poze l kesyon sou sante w oswa pou mande l enfòmasyon ki gen rapò ak sante. Yon enfimyè ka travay avè w pou:

- Ede w jere yon pwoblèm sante kwonik.
- Fè w konnen si w bezwen jwenn swen nan men yon doktè.
- Reponn kesyon jeneral ou kapab genyen sou sante w, pa egzanp sou fason pou ou jere sentòm ou yo lakay ou ak lòt bagay ankò.

Benefis telemedsin

Jwenn swen san w pa bezwen soti, **san sa pa koute w anyen**.

Grasa telemedsin nan, ou ka pale avèk yon pwofesyonèl sante 24 sou 24, 7 sou 7, pa mwayen yon:

- Telefòn
- Tablèt
- Òdinatè

Telemedsin nan se yon opsyon ki pratik lè:

- Doktè w pa disponib
- Doktè w pa ofri vizit telemedsin
- Ou bezwen swen pou yon pwoblèm sante ki pa yon ijans

Sèvis telemedsin nan se yon sèvis ki la pou swen medikal woutin sèlman. Si w gen yon ijans, rele **911**.

Ou ka bezwen pou doktè w refere w oswa pou ou jwenn yon otorizasyon alavans pou kèk nan benefis ki mansyone nan ti liv sa a.

Konsilte dokiman ki rele Prèv kouvèti asirans lan (Evidence of Coverage) pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen yo sou benefis ki nan plan an, esklizyon yo, limit yo ak kondisyon ki mache ak kouvèti asirans lan.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care. Rezo famasi a ak rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a kapab chanje nenpòt lè. W ap resevwa yon avi sou sa lè sa nesesè. AmeriHealth Caritas VIP Care respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòma, pa egzanp an gwo karaktè, an bray oswa sou fòma odyo. Rele nan 1-833-467-3502 (TTY 711). Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

129072 (7/26)

MED-MLT_266226700

2027



Yon enskripsyon ki fasil

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Konte Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola ak Seminole

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

H6378_002_129626_C_HCR

Èske ou pare **pou kòmanse?**

Nan AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP), se sante w ki priyorite nou. Nou konnen li pa toujou fasil pou konprann Medicare. Kidonk, lè ou prè pou chwazi yon plan Medicare Advantage pou moun ki gen bezwen espesyal, kit se pou tèt ou, kit se pou yon moun nan fanmi w, nou la pou ede w.

Ou gendwa kalifye si w:

- Gen Medicare
- Gen Medicaid
- Rete nan konte Palm Beach, Broward, Lake, Martin, Orange, Osceola oswa Seminole

Nou ofri yon seri benefis ak sèvis siplemantè pou ede w amelyore sante w e pou ede w rete an sante.

Ou gen kesyon?
Rele nan **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

AmeriHealth Caritas VIP Care konprann kisa ou menm ak tout moun ki jwenn benefis Medicare ak Medicaid yo bezwen. Nou la pou n ede w enskri byen fasil.



Jwenn plis enfòmasyon sou benefis ki nan plan an

Li fasil pou enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Pou kòmanse, li kèk enfòmasyon ki enpòtan. Apre sa, vizite nou sou **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl** pou:

- Chèche yon doktè nan zòn ou rete a nan lis pwofesyonèl ak etablisman swen sante nou an.
- Konsilte lis famasi nou an pou konnen ki famasi ki nan zòn ou rete a.
- Verifye ki medikaman ki kouvri nan fòmilè nou an (lis medikaman ki kouvri yo).
- Si w pa pale anglè, konsilte lis sèvis entèpretasyon nan plizyè lang nou an.

Yon sèl koutfil pou ede w jwenn swen ou bezwen yo: enskri kounye a! 1-800-898-3018 (TTY 711) ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.



Kilè ou ta dwe enskri? **Li enpòtan pou fè sa nan bon moman an!**

Genyen yon seri faktè, tankou laj ou, kouvèti asirans Medicare ou genyen kounye a ak peryòd enskripsyon yo, ki ka pèmèt ou oswa anpeche w enskri nan plan Medicare Advantage nou an. Nou pral esplike w chak peryòd enskripsyon ak fason li aplike pou ou.

- **Peryòd enskripsyon ànyèl (AEP)** Medicare a, oswa peryòd enskripsyon ouvè Medicare a, se yon epòk ki parèt chak ane kote moun ki gen Medicare yo kapab repase epi pote chanjman nan kouvèti asirans Medicare yo a pou ane ki vin apre a. Li kòmanse 15 oktòb epi li fini 7 desanm. Chanjman ou pote yo pandan AEP a antre anvigè nan dat 1ye janvye nan ane ki vin apre a.
- **Peryòd enskripsyon inisyal (IEP)** pou Medicare a se yon peryòd sèt mwa kote ou kapab enskri nan Medicare pou premye fwa. Li kòmanse twa mwa anvan ou vin gen 65 lane, li gen ladan l mwa ki gen dat anivèsè nesans ou epi li fini twa mwa apre mwa ou vin gen 65 lane a. Si se yon andikap ou genyen ki fè w kalifye pou Medicare, IEP w la kòmanse twa mwa anvan 25yèm mwa depi dat ou kòmanse touche peman pou andikap ou a epi li fini twa mwa annapre.
- **Peryòd enskripsyon "bloke"** a se yon peryòd Centers for Medicare & Medicaid Services yo (CMS) fikse pou plan Medicare Advantage yo ak plan Pati D yo. Anjeneral, li kòmanse 1ye avril epi li fini 31 desanm chak ane. Pandan peryòd sa a, ou pa kapab chanje plan Medicare w, sof si w kalifye pou yon peryòd enskripsyon espesyal (SEP).

Yon sèl koutfil pou ede w jwenn swen ou bezwen yo: enskri kounye a! 1-800-898-3018 (TTY 711) ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Gen kèk chanjman ki ka fèt nan lavi w ki pèmèt ou enskri nan yon lòt moman.

Chanjman nan kote ou abite a:

- Ou demenaje nan yon nouvo adrès deyò oswa anndan zòn sèvis plan nou an epi ou gen nouvo opsyon.
- Ou retounen Ozetazini apre ou te fè kèk tan nan yon peyi etranje.
- Ou kite oswa ou antre nan yon etablisman (tankou yon mezon retrèt oswa yon sant reyabilitasyon).
- Ou soti nan prizon.

Ou pèdi kouvèti asirans ou te genyen an:

- Ou pèdi asirans ou te genyen atravè anplwayè w oswa atravè sendika w (san wete COBRA).
- Ou pèdi yon lòt kalite kouvèti asirans pou medikaman ki kreditab.
- Ou soti nan yon plan Medicare ki gen yon kou oswa nan yon plan PACE.

Lòt sitiyasyon espesyal:

- Ou gen Medicare ak Medicaid oswa ou jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) pou peye pou kouvèti pou medikaman Medicare a.
- Ou gen Medicare epi ou jwenn tout benefis Medicaid yo.
- Ou aprann ou pa p kalifye pou èd siplemantè a (Extra Help) lòt ane.
- Ou pa ka jwenn kouvèti Pati A ki pa gen prim nan (asirans pou lopital) epi ou te enskri pou Pati B Medicare a (asirans medikal) pandan AEP a (ant dat 1ye janvye ak 31 mas).
- Ou kalifye pou jwenn yon èd siplemantè (Extra Help) pou peye pou kouvèti pou medikaman sou preskripsyon Medicare a.
- Ou enskri nan yon pwogram asistans famasetik Eta a (SPAP).
- Ou enskri nan yon SPAP epi ou vin pa kalifye pou SPAP ankò.
- Ou te soti nan yon kontra Medigap lè ou te enskri nan yon plan Medicare Advantage pou premye fwa epi ou toujou nan yon “peryòd esè” epi ou kalifye pou jwenn yon garanti pou yo ba w yon kontra Medigap.
- Ou gen yon pwoblèm sante ki grav oswa ki andikape w epi genyen yon plan Medicare pou moun ki gen bezwen espesyal e ki bezwen swen yon fason ki kwonik (SNP) ki disponib pou sèvi moun ki genyen pwoblèm sante ki fè w kalifye a.
- Ou te enskri nan yon plan oswa ou te chwazi pa enskri nan yon plan akòz yon erè yon anplwaye federal te komèt.
- Yo pa t ba w bonjan esplikasyon pou fè w konnen lòt kouvèti pou medikaman prive ou genyen an pa t rive nan nivo kouvèti pou medikaman Medicare a (kouvèti asirans ki kreditab).
- Yo pa t ba w bonjan esplikasyon pou fè w konnen ou t ap pèdi yon kouvèti pou medikaman prive ou te genyen ki te rive nan nivo kouvèti pou medikaman Medicare a (kouvèti asirans ki kreditab).

Lòt sikonstans eksepsyonèl. Èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon?

Rele nan **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Osinon, ale sou **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl**.



Yon sèl koutfil pou ede w jwenn swen ou bezwen yo: enskri kounye a! 1-800-898-3018 (TTY 711) ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.



Jan ou ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care fason k ap **pi bon pou ou**

Chwazi metòd ou pi pito a

- **Nan telefòn** - Rele nan nimewo telefòn gratis nou an epi enskri avèk èd youn nan reprezantan nou yo: **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

- **Vizit adomisil** - Rele nan nimewo telefòn gratis nou an epi pran randevou pou youn nan reprezantan nou yo vin wè w lakay ou: **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

- **Sou Entènèt** – Ranpli fòm enskripsyon sou Entènèt ki sou sitwèb nou an nan adrès **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl**

Yon sèl koutfil pou ede w jwenn swen ou bezwen yo: enskri kounye a! 1-800-898-3018 (TTY 711) ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Men kèk bagay ou kapab atann **yon fwa ou fin enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care**

Anvan kouvèti asirans ou an kòmanse

Lèt verifikasyon ak apwobasyon yo – Lèt akize resepsyon an konfime ou vle enskri nan plan nou an. Lèt konfimasyon an fè w konnen Medicare apwouve enskripsyon w lan.

Dosye akèy – Apre enskripsyon w lan konfime, n ap voye yon dosye akèy ba w. Dosye sa a genyen yon seri enfòmasyon ki itil pou ede w pi byen pwofite plan sante w la. Li gen ladan l yon evalyasyon risk pou sante (HRA) w ap gen pou ranpli. Nou sèvi ak enfòmasyon sa yo pou ede w jwenn swen ou bezwen yo. Epitou, w ap jwenn enfòmasyon ki itil sou benefis siplemantè ki nan plan w lan, tankou medikaman yo vann san preskripsyon ak benefis pou swen dantè, swen vizyon ak swen odisyon.

Kat idantifikasyon manm nan – Kat idantifikasyon manm ou an pral rive apa. Mete l nan bous ou oswa yon lòt kote pou l pa pèdi. Konsa, w ap toujou gen kat idantifikasyon an sou ou lè ou ale kay doktè w, nan yon lopital oswa nan yon famasi.

Apre kouvèti asirans ou an kòmanse

Apèl akèy – AmeriHealth Caritas VIP Care pral kontakte w pou verifye si w gen tout sa ou bezwen. Nou pral reponn nenpòt kesyon ou genyen sou nouvo benefis ou yo.

Kreye kont ou sou Entènèt – Se yon bon mwayen pou gen aksè nan enfòmasyon sou benefis ak demann ranbousman w yo.

Pran randevou avèk PCP w pou vizit prevantif ou sipoze fè chak ane a. Veye pou pran randevou w alavans pou w pa oblije tann anpil tan, epi pa bliye mache avèk nouvo kat idantifikasyon manm ou.

Enskri nan sèvis pa korespondans – Nou ofri yon sèvis famasi pa korespondans ki livre medikaman sou preskripsyon w yo lakay ou. Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon: **1-800-898-3018 (TTY 711)** ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Yon sèl koutfil pou ede w jwenn swen ou bezwen yo: enskri kounye a! 1-800-898-3018 (TTY 711) ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Rezo famasi a ak rezo pwofesyonèl ak etablisman sante a kapab chanje nenpòt lè. W ap resevwa yon avi sou sa lè sa nesesè. AmeriHealth Caritas VIP Care respekte tout lwa federal ki aplikab sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou.

Tanpri rele ekip sèvis pou manm yo si w bezwen dokiman sa a nan yon lòt fòma, tankou gwo karaktè, ekriti bray oswa fòma odyo.

129626 (7/26)

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

MED-MLT_266300501

Lis bagay ou gen pou verifye anvan ou enskri

AmeriHealth Caritas VIP Care

Anvan ou pran desizyon pou enskri, ou ta dwe byen konprann benefis nou ofri yo ak règ nou suiv yo. Si w gen kesyon, ou kapab rele pou pale avèk yon reprezantan ekip sèvis kliyan an nan **1-800-898-3018** (**TTY 711**), ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè.

Konprann benefis yo

- ☐ Dokiman ki rele Prèv kouvèti asirans lan (Evidence of Coverage, EOC) gen yon lis ki site tout sèvis ak tout sa nou kouvri yo. Li enpòtan pou w egzamine sa plan an kouvri, sa sèvis yo koute ak benefis nou ofri yo anvan ou enskri. Ale sou **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl** oswa rele nan **1-800-898-3018** (**TTY 711**), ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, pou jwenn yon kopi dokiman EOC a.
- ☐ Egzamine lis pwofesyonèl ak etablisman sante a (oswa poze doktè w kesyon sa a) pou verifye si doktè ki trete w yo fè pati rezo a. Si yo pa nan lis la, sa vle di w ap gen pou chwazi yon lòt doktè.
- ☐ Egzamine lis famasi a pou verifye si famasi ou konn ale a pou jwenn medikaman sou preskripsyon w yo fè pati rezo a. Si famasi a pa nan lis la, gen anpil chans pou w oblije chwazi yon lòt famasi pou al chèche medikaman w yo.
- ☐ Egzamine fòmilè a pou verifye si medikaman w yo kouvri.

Konprann règ ki enpòtan yo

- ☐ Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo. Anjeneral, yo konn retire prim sa a sou chèk sekirite sosyal ou chak mwa.
- ☐ Benefis yo, prim yo ak/oswa ko-peman/ko-asirans yo ka chanje nan dat 1ye janvye 2028.
- ☐ Sof nan sitiyasyon ijans, nou pa kouvri sèvis manm yo jwenn nan men pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo a (doktè ki pa nan lis pwofesyonèl ak etablisman sante a).
- ☐ Plan sa a se yon plan pou moun ki gen bezwen espesyal e ki kalifye pou de pwogram li ye (dual eligible special needs plan, D-SNP). W ap kapab enskri nan plan an apre nou verifye ou kalifye ni pou Medicare ni pou asistans medikal la nan yon plan Eta a anba Medicaid, epi ou kalifye pou jwenn youn nan kategori èd sa yo:
  - ✓ Qualified Medicare Beneficiary Plus (QMB+).
  - ✓ Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (SLMB+).
  - ✓ Full Benefit Dual Eligible (FBDE).
  - ✓ Qualified Medicare Beneficiary (QMB).
- ☐ Si w deja enskri nan yon plan Medicare Advantage kounye a, kouvèti asirans sante Medicare Advantage sa a pral kanpe kou nouvo kouvèti asirans sante Medicare Advantage ou a kòmanse. Si w gen Tricare, kouvèti asirans ou an ka afekte kou nouvo kouvèti asirans Medicare Advantage ou a kòmanse. Tanpri kontakte Tricare pou jwenn plis enfòmasyon. Si w gen yon plan Medigap plan, lè nouvo kouvèti asirans Medicare Advantage ou a kòmanse, ou ta dwe soti nan asirans Medigap ou poutèt li t ap fè w peye pou yon kouvèti asirans ou pa p ka itilize.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Dokiman ki enpòtan sou plan an

Prèv kouvèti asirans (Evidence of Coverage, EOC)

Dokiman sa a bay tout detay yo sou plan w lan, sa wete sa li kouvri, fason li fonksyone, sa li koute, dwa ak responsablite w yo antanke manm, enstriksyon medikal alavans yo, sèvis planin, fason pou jwenn yon dezyèm opinyon nan men yon pwofesyonèl sante, esplikasyon sou benefis ki disponib deyò rezo a, sipò pou tranzisyon swen an, detay sou fason pou jwenn aksè nan nouvo teknoloji medikal yo, enfòmasyon sou reklamasyon ak apèl yo, sa ki rive lè ou dezenskri oswa lè ou soti nan plan nou an, ak repons pou anpil lòt kesyon ou kapab genyen. Si w pa vle li tout dokiman EOC a nèt, w ap jwenn anpil nan enfòmasyon ou bezwen yo nan dokiman Rezime benefis la.

Rezime benefis

Rezime benefis la (Summary of Benefits) bay yon apèsi sou benefis ki mache ak plan sante w la. Se yon dokiman referans rapid pou ede w konnen benefis ak sèvis ki kouvri yo, ko-peman yo ak lòt depans ou ka fè ak lajan ki soti nan pòch ou a.

Fòmilè

Se yon lis medikaman sou preskripsyon yon plan kouvri. Yo konn rele l lis medikaman tou. Itilize dokiman sa a pou verifye si medikaman w yo kouvri, pou konnen nan ki nivo medikaman w yo ye e pou konnen ki ko-peman oswa ki ko-asirans w ap gen pou peye pou yo. Fòmilè a disponib sou Entènèt epi nou mete li ajou pandan tout ane a.

Lis pwofesyonèl ak etablisman sante

Lis sa a ede manm AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP) yo jwenn pwofesyonèl sante, lopital ak lòt etablisman sante ki fè pati rezo nou an. Itilize dokiman sa a pou jwenn plis enfòmasyon lè ou bezwen chwazi yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante, epi pou konnen sa ou bezwen fè nan sitiyasyon ijans medikal. Epitou, ou kapab sèvi avèk zouti lib-sèvis yo pou jwenn yon pwofesyonèl sante nan zòn ou an.

Lis famasi

Lis sa a pèmèt ou jwenn yon famasi ki fè pati rezo nou an byen fasil. Menm lè ou vwayaje nan yon lòt Eta, ou kapab jwenn yon famasi ki nan rezo nasyonal nou an sou lis famasi a. Nou travay avèk famasi yo ki nan rezo nou pou dekri medikaman sou preskripsyon yo pou manm yo. Epitou, ou kapab sèvi avèk zouti lib-sèvis yo pou jwenn yon famasi nan zòn ou an.

*Evalyasyon risk pou sante a (Health Risk Assessment, HRA)

Eskane kòd QR la

Pa gen anyen ki plis pèsonèl pase sante w. Nou pral sèvi avèk dokiman sa a pou ede w jwenn pi bon swen ou bezwen yo. Anjeneral, w ap bezwen anviwon 30 minit pou ranpli l. Si w pito reponn kesyon yo nan telefòn avèk jesyonè swen w, ou kapab rele ekip sèvis pou manm yo nan nimewo ki anba a. Ekip sa a pral mete w an kontak avèk jesyonè swen ki asisyen pou ou a pou li ka ede w. Si w gen kesyon, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-833-467-3502** (**TTY 711**). Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi.

Avi sou pratik konfidansyalite yo (Notice of Privacy Practices, NOPP)

Avi sa a esplike fason nou gendwa itilize ak divilge enfòmasyon medikal ki konsène w yo, ak fason ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo.

Plan ensitasyon pou doktè (Physician Incentive Plan, PIP)

Doktè yo gendwa touche yon kòb ensitasyon pou bay kèk depistaj kalite oswa sèvis ki wo kalite pou benefisyè Medicare oswa Medicaid yo ki enskri nan plan an.

AmeriHealth Caritas®
VIP Care®

www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl

Enstriksyon sou pratik klinik yo

Ou ka jwenn enstriksyon sou pratik klinik yo sou sitwèb plan nou an nan adrès **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl**. AmeriHealth Caritas VIP Care pral voye enstriksyon sou pratik klinik yo pa lapòs bay manm ki pa gen aksè nan yon machin faks, yon imèl oswa Entènèt, depi yo mande sa.

Pwodui yo vann san preksripsyon (Over The Counter, OTC)

Genyen twa metòd ki fasil pou pase yon kòmann pou jwenn pwodui yo vann san preskripsyon: nan magazen, sou Entènèt oswa nan telefòn.

Nan magazen: Pa egzanp, ou kapab achte nan Kroger, Safeway, Albertsons ak lòt magazen ki patisipe tankou Walmart, CVS* ak Walgreens. Pou jwenn yon lis ki mansyone tout magazen ki patisipe yo, tanpri ale sou https://www.andmorehealth.com, telechaje aplikasyon mobil andmore la oswa rele nan 1-855-ANDMORE (1-855-263-6673; TTY 711).

*CVS ki anndan magazen Target yo pa ladan l

Nan telefòn: Si w pito pase yon kòmann nan telefòn, nou ka ede w. Rele nan 1-855-AND-MORE (1-855-263-6673; TTY 711). Nou disponib lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè nan lè lokal, sof nan jou ferye yo.

Sou Entènèt: Ou kapab achte sou Entènèt sou sit https://www.andmorehealth.com oswa sou aplikasyon mobil andmore la. Sou paj ki prezante benefis OTC yo, klike sou Shop OTC epi y ap mennen w nan yon magazen sou Entènèt kote w ap kapab achte diferan pwodui.

Fòm konfidansyalite

- Fòm HIPAA (otorizasyon pou divilge enfòmasyon sante ki pèsonèl)
- Fòm pou plent sou konfidansyalite
- Fòm reprezantan pèsonèl
- Demann pou modifye enfòmasyon sante ki pwoteje
- Demann pou sèvi ak yon lòt mwayen kominikasyon ki konfidansyèl
- Revokasyon yon lòt mwayen kominikasyon ki konfidansyèl
- Demann yon lis tout okazyon kote yo te divilge enfòmasyon sante ki pwoteje
- Demann pou limite itilizasyon ak/oswa divilgasyon enfòmasyon sante ki pwoteje
- Demann pou jwenn aksè ak/oswa pou egzamine enfòmasyon sante ki pwoteje

Ou kapab jwenn fòm konfidansyalite yo nan adrès ki vin annapre a: **https://www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl/member-2027/forms**

Kèk metòd ki tou senp pou jwenn sa ou bezwen.

Sou Entènèt

Ale sou **www.amerihealthcaritasvipcare.com/fl** pou jwenn kèk enfòmasyon ki itil sou plan w yon fason ki tou senp. Se metòd ki pi rapid la pou konsilte diferan dokiman ak fòm, tankou rezime benefis la (SB), avi sou pratik konfidansyalite a (NOPP) ak dokiman EOC a, pou konsilte fòmilè a epi pou chèche doktè, famasi, lopital, sant swen rapid ak sal dijans ki nan rezo nou an.

Epitou, ou ka kreye yon kont sou Entènèt.

Nan telefòn

Rele ekip sèvis pou manm yo pou poze kesyon sou benefis ki kouvri yo, pou jwenn èd pou jwenn yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante, oswa pou jwenn yon espesyaliz, oubyen pou jwenn nenpòt enfòmasyon ou ta renmen konnen si plan sante w la. **1-833-467-3502** (**TTY 711**). Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt. Ant dat 1ye avril ak 30 septanm, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi.

Epitou, nou kapab voye yon kopi dokiman w yo sou fòma papye lakay ou. Pou mande nou voye yon kopi ba w pa lapòs, rele ekip sèvis pou manm yo oswa ale sou sitwèb nou an. W ap jwenn nimewo telefòn ekip sèvis pou manm yo ak adrès sitwèb plan an anwo a. W ap kapab mande dokiman sou plan an pou 2027 apati 15 oktòb 2026.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO D-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se sèlman si kontra sa yo renouvle moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.

Ou kapab jwenn dokiman sa a gratis nan lòt fòma, pa egzanp an gwo karaktè, nan ekriti bray oswa sou fòma odyo. Rele nan 1-833-467-3502 (TTY 711). Ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, sèt jou sou sèt, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, lendi pou vandredi. Apèl la gratis.

ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-833-467-3502 (TTY 711) de lunes a viernes, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de abril al 30 de septiembre; o los siete días de la semana, de 8 a. m. a 8 p. m., del 1 de octubre al 31 de marzo. La llamada es gratuita.

ATANSYON: Si w pale kreyòl, ou ka resevwa sèvis pou ede w nan lang pa w san w pa peye pou sa. Rele nan 1-833-467-3502 (TTY 711) lendi pou vandredi, soti 8 à nan maten rive 8 è diswa, ant 1ye avril ak 30 septanm, oswa sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, ant 1ye oktòb ak 31 mas. Apèl la gratis.

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO D-SNP)

Notice of Availability of Language Assistance Services and Auxiliary Aids and Services

English: ATTENTION: If you speak English, free language assistance services are available to you. Appropriate auxiliary aids and services to provide information in accessible formats are also available free of charge. Call 1-833-467-3502 (TTY: 711), October 1 – March 31: 8 a.m. – 8 p.m., seven days a week and April 1 – September 30: 8 a.m. - 8 p.m., Monday through Friday**,** or speak to your provider.

Arabic: تنبيه: إذا كنت تتحدث اللغة العربية، فستتوفر لك خدمات المساعدة اللغوية المجانية. كما تتوفر وسائل مساعدة وخدمات مناسبة لتوفير المعلومات بتنسيقات يمكن الوصول إليها مجانًا. اتصل على الرقم 1-833-467-3502 (TTY: 711)، في الفترة من 1 أكتوبر إلى 31 مارس: من الساعة 8 صباحاً حتى 8 مساءً، طوال أيام الأسبوع، وفي الفترة من 1 أبريل إلى 30 سبتمبر: من الساعة 8 صباحًا حتى 8 مساءً، من الاثنين إلى الجمعة، أو تحدث إلى مُقدم الرعاية الخاص بك.

Traditional Chinese: 注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。我們還免費提供適當的輔助工具和服務，以無障礙格式提供資訊。請致電 1-833-467-3502 (TTY: 711)，10 月 1 日 – 3 月 31 日：早上 8 點至晚上 8 點，每日開放；4 月 1 日 – 9 月 30 日：早上 8 點至晚上 8 點，星期一至星期五開放，或諮詢您的醫療保健提供者。

French: ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'assistance linguistique gratuits sont mis à votre disposition. Des aides et services auxiliaires appropriés sont également disponibles gratuitement pour fournir des informations dans des formats accessibles. Appelez au 1-833-467-3502 (TTY : 711), du 1er octobre au 31 mars : de 8 h à 20 h, sept jours sur sept ; du 1er avril au 30 septembre : de 8 h à 20 h, du lundi au vendredi, ou adressez-vous à votre professionnel de santé.

German: ACHTUNG: Wenn Sie Deutsch sprechen, stehen Ihnen kostenlose Sprachassistenzdienste zur Verfügung. Entsprechende Hilfsmittel und Dienste zur Bereitstellung von Informationen in barrierefreien Formaten sind ebenfalls kostenlos verfügbar. Rufen Sie an unter 1-833-467-3502 (TTY: 711), vom 1. Oktober bis 31. März von 8:00 bis 20:00 Uhr, sieben Tage die Woche, und vom 1. April bis 30. September von 8:00 bis 20:00 Uhr, Montag bis Freitag, oder wenden Sie sich an Ihren Anbieter.

Haitian Creole: ATANSYON: Si w pale kreyòl ayisyen, gen sèvis pou ede w nan lang pa w ki disponib gratis pou ou. Gen èd ak sèvis oksilyè ki apwopriye pou ba w enfòmasyon nan fòma aksesib ki disponib gratis tou. Rele nan 1-833-467-3502 (TTY: 711), ant dat 1ye oktòb ak 31 mas, sèt jou sou sèt, soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oswa ant dat 1ye avril ak 30 septanm, lendi pou vandredi**,** soti 8 è nan maten rive 8 è nan aswè, oubyen pale avèk pwofesyonèl sante w la.

Hindi: ध्यान दें: यदि आप हिंदी बोलते हैं, तो आपके लिए निःशुल्क भाषा सहायता सेवाएँ उपलब्ध हैं। सुलभ प्रारूपों में जानकारी प्रदान करने के लिए उपयुक्त सहायक साधन और सेवाएँ भी निःशुल्क उपलब्ध हैं। 1-833-467-3502 (TTY: 711) पर 1 अक्टूबर से 31 मार्च तक: सप्ताह के सातों दिन सुबह 8:00 बजे से रात 8:00 बजे तक, तथा 1 अप्रैल से 30 सितंबर तक: सोमवार से शुक्रवार सुबह 8:00 बजे से रात 8:00 बजे तक कॉल करें या अपने प्रदाता से बात करें।

Russian: ВНИМАНИЕ: Если вы говорите по-русски, вам доступны бесплатные услуги языковой поддержки. Соответствующие вспомогательные средства и услуги по предоставлению информации в доступных форматах также предоставляются бесплатно. Звоните по телефону 1-833-467-3502 (TTY: 711). С 1 октября по 31 марта: с 8:00 до 20:00, ежедневно; с 1 апреля по 30 сентября: с 8:00 до 20:00, с понедельника по пятницу, или обратитесь к своему поставщику услуг.

Spanish: ATENCIÓN: Si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. También están disponibles de forma gratuita ayuda y servicios auxiliares apropiados para proporcionar información en formatos accesibles. Llame al 1-833-467-3502 (TTY: 711) del 1.º de octubre al 31 de marzo, de 8 a.m. a 8 p.m., los siete días de la semana; del 1.º de abril al 30 de septiembre, de 8 a.m. a 8 p.m., de lunes a viernes, o hable con su proveedor.

Tagalog: PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Tagalog, magagamit mo ang mga libreng serbisyong tulong sa wika. Magagamit din nang libre ang mga naaangkop na karagdagang tulong at serbisyo upang magbigay ng impormasyon sa mga maa-access na format. Tumawag sa 1-833-467-3502 (TTY: 711), sa Oktubre 1 – Marso 31: 8 a.m. - 8 p.m., pitong araw sa isang linggo at sa Abril 1 – Setyembre 30: 8 a.m. - 8 p.m., Lunes hanggang Biyernes, o makipag-usap sa iyong provider.

Vietnamese: LƯU Ý: Nếu quý vị nói tiếng Việt, chúng tôi cung cấp miễn phí các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ. Các dịch vụ và hỗ trợ bổ sung thích hợp để cung cấp thông tin theo các định dạng dễ tiếp cận cũng được cung cấp miễn phí. Vui lòng gọi theo số 1-833-467-3502 (TTY: 711), Từ ngày 1 tháng 10 đến ngày 31 tháng 3: 8 giờ sáng – 8 giờ tối, tất cả các ngày trong tuần; và từ ngày 1 tháng 4 đến ngày 30 tháng 9: 8 giờ sáng – 8 giờ tối, từ Thứ Hai đến Thứ Sáu hoặc trao đổi với nhà cung cấp của quý vị.

Italian: ATTENZIONE: se parli Italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Sono inoltre disponibili gratuitamente ausili e servizi ausiliari adeguati per fornire informazioni in formati accessibili. Chiama il numero 1-833-467-3502 (TTY: 711), dal 1° ottobre al 31 marzo: dalle 8:00 alle 20:00, sette giorni su sette e dal 1° aprile al 30 settembre: dalle 8:00 alle 20:00, dal lunedì al venerdì, o parla con il tuo fornitore.

Portuguese: ATENÇÃO: Se você fala português, serviços de assistência linguística estão disponíveis gratuitamente. Você também pode acessar, sem nenhum custo, recursos e serviços auxiliares adequados para receber informações em formatos acessíveis. Ligue para 1-833-467-3502 (711 para deficientes auditivos) todos os dias da semana, das 8h às 20h, entre 1º de outubro e 31 de março; ou de segunda a sexta-feira, das 8h às 20h, entre 1º de abril e 30 de setembro. Se preferir, fale com seu provedor.

Polish: UWAGA: Osoby posługujące się językiem polskim mogą skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej. Odpowiednia pomoc i usługi zapewniające informacje w dostępnych formatach są również dostępne bezpłatnie. Należy zadzwonić pod numer 1-833-467-3502 (TTY: 711), w okresie od 1 października do 31 marca: od 8:00 do 20:00, siedem dni w tygodniu oraz od 1 kwietnia do 30 września: od 8:00 do 20:00, od poniedziałku do piątku, lub porozmawiać ze swoim dostawcą usług zdrowotnych.

Gujarati: સૂચના: જો તમે ગુજરાતી બોલો છો, તો નિ: શુલ્ક ભાષા સહાય સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે. સુલભ ફોર્મેટમાં માહિતી પ્રદાન કરવા માટે યોગ્ય સહાયક સહાય અને સેવાઓ પણ નિ: શુલ્ક ઉપલબ્ધ છે. 1-833-467-3502 (TTY: 711) પર કૉલ કરો; 1 ઓક્ટોબર - 31 માર્ચ: સવારે 8 વાગ્યાથી રાત્રે 8 વાગ્યા સુધી, અઠવાડિયાના સાતેય દિવસ અને 1 એપ્રિલ - 30 સપ્ટેમ્બર: સવારે 8 વાગ્યાથી રાત્રે 8 વાગ્યા સુધી, સોમવારથી શુક્રવાર, અથવા તમારા પ્રદાતા સાથે વાત કરો.

Filipino: PAUNAWA: Kung nagsasalita ka ng Filipino, magagamit mo ang mga libreng serbisyong tulong sa wika. Magagamit din nang libre ang mga naaangkop na karagdagang tulong at serbisyo upang magbigay ng impormasyon sa mga maa-access na format. Tumawag sa 1-833-467-3502 (TTY: 711), mula Oktubre 1 – Marso 31: 8 a.m. - 8 p.m., pitong araw sa isang linggo at mula Abril 1 – Setyembre 30: 8 a.m. - 8 p.m., Lunes hanggang Biyernes, o makipag-usap sa iyong provider.

AmeriHealth Caritas VIP Care is an HMO D-SNP plan with a Medicare contract and a contract with the Florida Medicaid program. Enrollment in AmeriHealth Caritas VIP Care depends on contract renewal.

You can get this document for free in other formats, such as large print, braille, or audio. Call 1-833-467-3502, October 1 – March 31: 8 a.m. - 8 p.m., seven days a week and April 1 – September 30: 8 a.m. - 8 p.m., Monday through Friday. The call is free.

H6378_002_128885_C